



KORIDÒ TRANSPÒ ROXBURY YO

Nou vle kòmanse ak ekoute lide ou genyen yo pou fè transpò nan Roxbury vin pi sekirize, plis pratik ak pi agreyab.

Ou gen kesyon? Kontakte:

[TRANSPÒ | EKIP TRANSPÒ PIBLIK](#)

BTDRANSITPROGRAMS@BOSTON.GOV

RANPLI SONDAJ NOU AN

ENFÒMASYON BAKGRAWN

Jodi a, Roxbury se yon katye dinamik ki gen yon kominote rezidansyèl k ap devlope epi tibiznis ki plen aktivite. Katye a gen yon istwa rich aktivism kominotè epi anil enstitisyon kiltirèl ki selebre divèsite ak eksperyans veki rezidan li yo.

Nou vle ede amelyore kalite lavi rezidan Roxbury yo, lè nou lavi yo vin gen plis sekirite, pi pratik ak pi agreyab pou oumenm pou rive nenpòt kote ou vle ale a.

N ap analize 3 koridò nan Roxbury:

- Warren Street
- Malcolm X Boulevard
- Columbus/Tremont (nan kwen Jackson Square ak Ruggles Station)

Koridò sa yo gen nan pami pi gwo kantite pasaje epi pi gwo kantite reta nan tout sistèm MBTA an. Travay nou pral amelyore sèvis bis pou pou tout pasaje sa yo. Nou pral fè koridò sa yo amelyore pou moun k ap mache, lè nou fè gen mwens danje pou travèse lari epi nou akoute chèz, pyebwa ak plis ekleraj. Travay nou an pral fè pral gen mwens estrès pou monte bisiklèt nan koridò sa yo epi pou jere sikilasyon machin ak pakin ki nesèsè. [Nou vle tande nouèl ou epi aprann ki priyorite ou genyen pou koridò sa yo.](#)




MEN SA N AP GADE LA A



Nou rele koridò sa yo pwojè paske nou pa senpman ap gade wout yo. N ap gade pasaj pou pyeton yo, ekleraj, arè bis, pyebwa nan lari yo ak plis toujou. Nou vle gade tout bagay ki nan eksperyans ou lè w ap deplase oswa lè w ap rasanble akote ri sa yo pou nou kapab wè kijan nou ka amelyore yo. Epitou nou vle asire nou ou santi w an sekirite pou w deplase nan alri sa yo, kèlkeswa fason ou chwazi pou rive kote ou prale.


Nou konnen nou dwe kòmanse ak kòmansman an. Travay nou dwe kòmanse ak aksyon tout piti ki ka fè yon gwo diferans, tankou asire nou ke tout limyè lari yo nan koridò sa yo an bon eta.

Nou konnen tou nou dwe amelyore eksperyans pasaje yo nan koridò sa yo. 3 lari sa yo gen pami pi gwo kantite pasaje nan tout sistèm MBTA an, mentou se yo ki gen pi gwo reta yo. Pasaje otobis nou yo bezwen chwa transpò ki fyab. Epi nou konnen lari sa yo bay anpil estrès pou moun ki sou bisiklèt. Moun sou bisiklèt bezwen yon fason ki gen mwens danje pou yo ka deplase.



Fè sondaj nou an

Pou fè deplasman yo gen plis sekirite epi pibon pou tout moun, nou bezwen èd ou! Pran 3 a 5 minit pou fè sondaj la pou di nou kijan ou itilize lari sa yo, ki priyorite ou yo pou deplase epi ki tip amelyorasyon ou ta renmen wè.



Rele 617-635-3944

Pa vle pran sondaj nou an, men ou vle fè tande vwa ou? Ou ka fè nou konnen panse ou sou lari sa yo lè ou kite nou yon mesajri nan 617-635-3944.



Mete non ou sou lis imèl pwojè nou an

Ou ta renmen rete ajou ak pwojè sa yo? Enskri nan lis abònman Koridò Transpò Roxbury an la!



Di nou ak kimoun nou ta dwe kontre

Ou gen yon reyinyon kominotè oswa yon evènman ou panse nou ta dwe vpatisipe ladann pou pale osijè koridò sa yo epi pou nou tande lide w? Fè nou konn sa!

SA NOU TANDE JISKAPREZAN

Depatman Transpò ak patnè kominotè nou yo deplwaye nan Roxbury depi 2019 ap mande ki eksperyans moun genyen ak koridò sa yo.

Men kijan nou kolekte enfòmasyon jiska kounye a:

- Odit deplasman nan otobis
- Reyinyon pati prenan
- Reyinyon piblik
- Sondaj

Kisa w panse? Èske konklizyon sa yo koresponn ak eksperyans ou? Ki priyorite ou genyen pou koridò sa yo? Ranpli sondaj la pou di nou ki lòt bagay nou ta dwe konnen:

Men sa nou aprann jiskaprezan:

- Lari sa yo kawotik epi yo sanble yo danjere pou tout itilizatè yo.
- Pasaje otobis yo pa ka prevwa dire deplasman yo, epi pafwa anpil bis rive anmenmtan, men apresa pasaje yo rete ap tann anpil tan pou pwochen bis la.
- Moun sou bisiklèt pa santi yo an sekirite ap deplase ak machin nan lari a, men yo ka antre an konfli tou ak moun sou twotwa yo.
- Moun ki vle pake ka gen difikilte pou jwenn yon plas paking toupre destinasyon yo.

RANPLI SONDAJ NOU
AN

MEN AK KIMOUN N AP KOWÒDONE

Nou konnen gen anpil bagay k ap pase nan Roxbury.

Pwojè nou an se kowòdone ak lòt estaf Vil la pou pataje fidbak epi rezoud menm preyokipasyon kominote a genyen. Objektif nou an se pou fè li pi fasil mezi sa posib pou tandè fidbak ou epi pou pa fè w santi w debòde si w gen twòp reyinyon.

Tcheke lyen sa yo pou jwenn plis enfòmasyon osijè pwojè Vil la k ap dewoule anndan ak nan toutotou Roxbury.

[WOUT SAN DANJE ROXBURY YO POU ALE LEKÒL](#)

Kreye lari ki gen sikilasyon kalm pou moun tout laj kapab mache, woule epi monte bisiklèt san danje

[ETID TRANSPÒ NAN LOWER ROXBURY](#)

Oryante investisman ki amelyore mach apye ak monte bisiklèt pou rezidan yo

[PLAN DAKSYON TRANSPÒ BLUE HILL AVENUE](#)

N ap re-imaginer kijan avni a fonksyone

[KORIDÒ GROVE HALL/QUINCY](#)

Fè ti chanjman ki gen yon gwo enpak pou ralanti vitès, fè travèsè lari mwen danjere epi amelyore kalite lavi nan lari katye a

[HIGHLAND PARK](#)

Fè ti chanjman ki gen yon gwo enpak pou ralanti vitès, fè travèsè lari mwen danjere epi amelyore kalite lavi nan lari katye a

[MORELAND ST Y MT. PLEASANT AVENUE](#)

Fè ti chanjman ki gen yon gwo enpak pou ralanti vitès, fè travèsè lari mwen danjere epi amelyore kalite lavi nan lari katye a

[PWOJÈ DIZAYN NUBIAN SQUARE](#)

Devlope plan dizayn wout, kafou ak òganizasyon lari yo pou konstriksyon nan Nubian Square

[PWOJÈ RUGGLES STREET](#)

Refè dizayn lari a pou amelyore aksè ak sekirite pou tout moun

[PWOJÈ ROXBURY BPDA YO](#)

Tout devlopman ki pwopoze yo oswa ki a konstriksyon nan katye a